



## Kòman OhioRISE diferan de kouvèti tipik Ohio Medicaid (ODM) la pou sante konpòtmantal?

OhioRISE aksantye sou jèn moun ki bezwen swen espesyalize yo. Pandan ke tout timoun yo ak jèn ki gen Ohio Medicaid la kapab aksede ak swen sante mantal yo e ak twoub ki lye ak konsomasyon sibstans, yo pral pwopoze moun ki enskri nan OhioRISE yo nouvo sèvis sante konpòtmantal amelyore tou. Moun ki enskri nan OhioRISE yo pral resevwa avantaj sante konpòtmantal pa yo nan Aetna (plan OhioRISE) ansanm ak sèvis sante fizik pa yo nan yon òganizasyon swen ki jere apa oubyen ke Medicaid peye.

## Poukisa se OhioRISE ak plan Ohio Medicaid “regilye” k ap pwopoze sèvis sa yo?

Jèn ki gen bezwen konplèks nan kesyon sante konpòtmantal yo benefisyè sèvis pi entansif ak yon apwòch pi kowòdone pou planifikasyon swen pa yo. OhioRISE ap travay avèk plizyè founisè ak òganizasyon pou asire ke bezwen yon timoun oubyen yon jèn rive satisfè gras ak yon plan swen swen ki valorize vwa ak chwa timoun yo ak fanmi yo.



## Ki kote mwen kapab aprann plis sou OhioRISE ansanm ak enfòmasyon nan bwochi sa?

Tanpri vizite paj wèb OhioRISE la nan: [managedcare.medicaid.ohio.gov/ohiorise](http://managedcare.medicaid.ohio.gov/ohiorise), oubyen voye yon imèl pou nou avèk kesyon nan [OhioRISE@medicaid.ohio.gov](mailto:OhioRISE@medicaid.ohio.gov).

## Lwa sou Dwa Sivil Eta ak Federal yo

Ohio Medicaid ap swiv lwa sou dwa sivil eta ak federal yo ki pwoteje ou kont diskriminasyon oubyen tretman enjis. Pou ede ou konprann bwochi sa, asistans lengwistik, sèvis entèpretasyon, divès èd oksilyè, ansanm ak sèvis yo disponib sou demann gratis pou ou. Ou kapab fè demann sèvis sa yo lè ou rele Kowòdonatè Dwa Sivil/ADA a nan 614-995-9981/TTY 711, fax 1-614-644-1434, oubyen voye yon imèl nan: [ODM\\_EEO\\_EmployeeRelations@medicaid.ohio.gov](mailto:ODM_EEO_EmployeeRelations@medicaid.ohio.gov).



OhioRISE, Resilience through Integrated Systems and Excellence (Rezilyans gras ak divès Sistèm Entegre ak Ekselans), se yon pwogram espesyalize swen jere ki konsantre li sou timoun ak jèn ki gen bezwen konplèks nan kesyon sante konpòtmantal ak sistèm miltip.



## Kilès ki kapab benefisyen nan OhioRISE?

Timoun yo ak jèn ki kapab benefisyen nan OhioRISE:

- Gen bezwen miltip ki se koz divès pwoblèm sante konpòtmantal,
- Gen bezwen miltip oubyen ki nan risk pou enplikasyon yon sistèm pi pwofon, ak/oubyen
- Ki nan risk plasman andeyò lakay oubyen retounen nan fanmi pa yo aprè yon plasman andeyò lakay.

Jèn Moun ki gen bezwen sistèm miltip ki souvan bezwen èd ak sèvis apati de sistèm kominotè yo ki kapab gen ladan yo jistis pou jèn yo, pwoteksyon timoun, andikap devlopmental, lekòl, sante mantal ak depandans, ak lòt yo.

## Ki sèvis espesyal OhioRISE ap pwopoze ak manm yo?

OhioRISE pral founi sèvis sante konpòtmantal nouvo ak amelyore swivan yo:

- Kowòdinasyon Swen Entansif ak Modere
- Tretman Entansif A Domisil Amelyore (Improved Intensive Home-Based Treatment, IHBT)
- Enstalasyon Rezidansyèl Tretman Sikiatrik nan Eta (In-state Psychiatric Residential Treatment Facilities, PRTF)
- Repi an Sante Konpòtmantal
- Fon Fleksib Prensipal
- Sèvis Mobil Entèvansyon ak Estabilizasyon (Mobile Response and Stabilization Services, MRSS)



## Kilès ki elijib pou OhioRISE?

Timoun yo ak jèn ki kapab kalifye pou OhioRISE:

- Kalifye pou Ohio Medicaid (swa swen jere yo oubyen frè sèvis yo),
- Aje ant 0-20, ak
- Bezwè tretman sante konpòtmantal siyifikatif, mezire avèk itilizasyon evalyasyon Bezwè ak Fòs Timoun yo ak Adolesan Ohio (CANS) yo.

Timoun yo ak jèn yo kapab tou kalifye pou OhioRISE akoz de kèk pwoblèm ijan. Pa egzanp, si yon timoun oubyen jèn nan yon lopital pou rezon sante konpòtmantal.

## Kisa yon evalyasyon CANS ye?

Yon evalyasyon CANS se yon zouti ki itilize pou detèmine kalifikasyon pou OhioRISE. Li rasanble istwa jèn ak fanmi sa pou konprann bezwen pa yo ak pwen fò pa yo, ak pou ede detèmine pi bon fason pou founi èd. Evalyasyon CANS mete ajou regilyèman pou facilite planifikasyon kontini swen yo.

## Ki kote yon timoun oubyen yon jèn kapab ale pou resevwa yon evalyasyon CANS?

Pou mande yon evalyasyon CANS, kontakte:

- Organizasyon swen jere yon timoun oubyen yon jèn,
- Aetna Better Health of Ohio,
- Yon antiite lokal de jesyon swen,
- Liy Asistans pou Konsomatè Medicaid, oubyen
- Prestatè sante konpòtmantal yo oubyen Konsèy Fanmi ak Timoun yo Dabò, ki kapab gen yon evalyatè CANS sou plas oubyen an mezi pou konekte ak youn.

## Kilè yon timoun oubyen yon jèn kapab kòmanse resevwa sèvis OhioRISE yo?

Swivan yon evalyasyon CANS, timoun ak jèn yo jwenn ki kalifye yo enskri nan OhioRISE apati de dat soumisyon evalyasyon CANS pa yo. Nan divès ka ijan, enskripsyon nan OhioRISE pral:

- Dat admisyon pou yon sejou lopital pasyan entène pou maladi mantal oubyen twoub konsomasyon sibstans oubyen
- Dat admisyon nan yon Etablisman Tretman Rezidansyèl Sikiatrik (Psychiatric Residential Treatment Facility, PRTF).

## Èske enskripsiyon nan OhioRISE obligatwa?

Wi. Si yon timoun oubyen yon jèn kalfifye pou OhioRISE, enskripsiyon nan OhioRISE obligatwa. Si yon timoun oubyen yon jèn pa kalifye, y ap voye pou li pa lapòs yon avi refi ak dwa odyans. Si yon timoun oubyen yon jèn oubyen paran/responsab pa yo pa vle yo enskri nan OhioRISE, yo kapab mande yo pou yo dezenskri. ODM pral egzaminen demann nan ak deside si dezenskripsiyon an pa apwopriye. Yon timoun oubyen yon jèn ki dezenskri nan OhioRISE p ap kapab benefisyen nouvo sèvis amelyore yo, paske sèvis sa yo disponib sèlman nan OhioRISE.

